

# Byenvini O Kanada



## LAJAN AK FINANS NAN KANADA



Wap gen pou w fè fas ak plizyè depans lè w vin tabli o Kanada, pandan ke w ap pran desizyon pou lavni ou. Li enpòtan pou w konnen kijan pou w jere depans chak jou ou ak depans sanzatann yo, li enpòtan pou w rive atenn objektif ou yo e pwoteje lajan ou tou.

Òganizasyon k ap ede moun tabli ka ede ou nan sans sa a. Òganizasyon sa yo ofri plizyè pwogram ak sèvis pou ede moun ki fenk vini, aprè yo rive o Kanada. Pou w jwenn yon òganizasyon nan kominote ou a, ale sou sit : [Nouveaux arrivants : Trouvez des services gratuits près de chez vous](#) (paj wèb sa a disponib an anglè e an fransè).

### LAJAN KANADYEN AN

O Kanada, genyen lajan pape e gen lajan monnen. Sa ki popilè yo se nikèl (5 santim), daym (10 santim), kwatè (25 santim), louni (1 dola) ak touni (2 dola).

Lè w ap achete oubyen lè w ap pale ak lòt yo, ou kapab itilize non lajan sa yo.

### LABANK

Ou dwe ouvri yon kont labank prese prese. Bank yo gen sèvis espesifik pou moun ki fenk rive.

Gen 2 kalite kontanbank ke ou ka itilize prensipalman : sevin' (ekonomi) ak tchèkin (kont chèk). Bank lan ap gen pou l bawou yon kat debi pou w ka gen aksè nan kontanbank ou lè w nan bank lan, oubyen pou w sèvi ak li nan machin ATM lan; ou ka achte tou ak li anliy oubyen nan magazen.

Kanada gen anpil kalite bank ladan. Vizite yo oubyen chache anliy pou w ka konnen yo e aprann plis sou sèvis ke yo chak ofri.

### KAT KREDI

Yon "kat kredi" pèmèt ou prete lajan jiska yon limit. Lajan sa a ou dwe remèt li ann apre.

Lè ou itilize yon kat kredi y ap fè w peye enterè. To enterè a se yon pousantaj nan tout kòb ou prete a. Plis li pran tan pou w peye dèt la, plis ou peye enterè.

Lè w itilize yon kat kredi li ede w bati kredi w, depi w peye sa yo mande a, nan delè yo ba w la. Yon bon kredi trèzenpòtan, paske enstitisyon tankou bank yo ap pi alèz pou yo prete ou lajan ak enterè piba. Lè wap achte ak yon kat kredi, ou dwe veye pou w pa achte pou plis pase sa ou kab ranbouse.

Kontakte yon bank pou plis enfòmasyon.



## VOYE LAJAN NAN PEYI W

Ou ka voye lajan nan peyi w elektronikman oubyen ou ka fè transfè. Ou ka transfè nan bank, nan lapòs oubyen nan yon mezon transfè. Sèlman, veye pou w byen chwazi kote wap fè transfè a.

Pou plis enfòmasyon, kontakte oubyen vizite òganizasyon lokal k ap ede w tabli a.

## TAKS

O Kanada, rezidan yo peye taks pou yo ede gouvènman an finanse pwogram ak sèvis li yo.

Chak ane (fen avril), chak moun ki rezidan dwe fè taks li voye bay Ajans Revni Kanada **menm si l pa fè lajan pandan ane a o Kanada, ni deyò Kanada.**

Nan mitan ane a, yo ka retire lajan nan sa w touche pou peye taks. Lè w fè taks ou, ou ede Ajans Revni Kanada konnen konbyen w ap touche e ki benefis osnon kredi ou ka benefisye. Pou plis enfòmasyon, al gade : [Prestations et crédits pour les nouveaux arrivants au Canada](#) (videyo sa a disponib an anglè e an fransè).

Pou plis enfòmasyon, al sou sit : [Comptoirs d'impôts gratuits](#) (paj wèb sa a disponib an anglè e an fransè).

## JERE LAJAN OU

Depans ou yo o Kanada kapab diferan de depans ou nan peyi w. Fè yon bidjè pou w planifye depans ou yo, sa ka ede w jere lajan w pi byen, konsa ou va rive reyalize gran plan ke ou genyen pou pi devan.

Ou gendwa fè bon jan planifikasyon pou fanmi w alavans tou, kote ke ou kapab envesti pou demen. Pa egzanp, gen fon anrejistre pou edikasyon (RESP an angle), gen plan ekonomi pou retrèt (RRSP an angle), epi gen kont an bank ekonomi san taks (TFSA an angle). Kontakte bank ou pou plis enfòmasyon.

Pou plis enfòmasyon sou kòman pou w jere lajan ou o Kanada, al gade : [Gérer son argent au Canada](#) (videyo sa a disponib an anglè e an fransè).


## FWOD AK VÒL IDANTITE

Fè atansyon lè yon moun mande w pou w bay enfòmasyon pèsònèl ou oubyen enfòmasyon bank ou. Anpil moun konn sibi fwod ak vòl idantite konsa.

Pa egzanp, yo konn eseye vòl enfòmasyon sou kat kredi w pa telefòn oubyen pa imel, moun nan konn pretann ke lap travay pou gouvènman an oubyen pou lòt enstitisyon ankò. Konsa yo ka mande w bay enfòmasyon pèsònèl ou enfòmasyon sou kontanbank ou.

**Toujou poze kesyon, oubyen ou kapab senpleman refize bay enfòmasyon an, lèw pa sèten sou demann lan.**

Pou plis enfòmasyon sou kòman ou ka pwoteje tèt ou kont fwod, ale sou sit : [Centre antifraude du Canada](#) (paj wèb sa a disponib an anglè e an fransè).



Cache jwenn sèvis ou bezwen pou w ka tabli nan kominote a :

